



**Department of
Education**

Joel I. Klein
Chancellor

Martine Guerrier
Chief Family
Engagement Officer
askmartine@schools.nyc.gov

**Office for Family
Engagement and Advocacy**
49 Chambers Street, Rm 503
New York, NY 10007

(212) 374-2323 #tel
(212) 374-0076 #fax

Posiblite maksimòm chak timoun kapab reyalize pi byen nan yon angajman aktif ant paran¹ ak kominote edikasyon an. Paran yo, antan patnè nou nan bay timoun yo sèvis edikasyon, genyen sèten dwa ak responsablite jan yo di sa nan dokiman sa a ak nan atik Règleman Chanselye a ki pale sou sa.

TOUT PARAN GEN DWA SA YO :

DWA POU PITIT YO RESEVWA EDIKASYON GRATIS NAN YON LEKÒL LETA.

Paran gen dwa pou pitit yo resevwa edikasyon gratis nan yon lekòl leta nan yon anviwònman ki ofri yo pwoteksyon ak sipò pou aprantisaj.

Paran gen dwa pou :

1. pitit yo, resevwa edikasyon gratis nan lekòl leta apati jadendanfan jiska laj 21 an, oswa jiskaske yo resevwa yon diplòm lekòl segondè, kelkeswa kisa ki rive anvan an.

2. mande fè evalyasyon yon timoun ki gen andikap, e si yo reyalize li bezwen sèvis edikasyon espesyal, pou li resevwa yon edikasyon gratis ki apwopriye apati laj twazan jiska laj 21 an dapre lwa ak règleman yo.

3. mande pou yon timoun k ap aprann lang angle *English Language Learner* (ELL) resevwa edikasyon bileng oswa edikasyon angle kòm dezyèm lang *English as a Second Language* (ESL) jan lwa ak règleman yo mande l.

4. mande pou pitit yo resevwa orè enstriksyon an dapre kalandriye Depatman Edikasyon *Department of Education* (DOE) tabli chak ane .

5. mande pou pitit yo aprann nan yon anviwònman ki ofri yo pwoteksyon ak sipò pou aprantisaj, ki pa genyen asèlman, entolerans ak diskriminasyon ki baze sou laj, ras, konviksyon, koulè, sèks, idantifikasyon sèks, ekspresyon sèks, relijyon, peyi kote yo fèt, sitiyasyon sitwayènte/imigrasyon, preferans seksyèl, kondisyon fizik ak/oswa emosyonèl, andikap, kondisyon matrimonyal, ak konviksyon politik.

6. yo bay pitit yo tout dwa ki nan Dwa ak Responsablite Elèv *Bill of Student Rights and Responsibilities* DOE a.

DWA POU BAY YO AKSÈ NAN ENFÒMASYON

¹ Lè yo di paran nan dokiman sa a, sa vle di paran oswa gadyen legal elèv la, oswa nenpòt moun ki gen relasyon paran oswa gadyen legal avèk elèv.

DOE ak lekòl li yo gen responsablite pou bay paran aksè nan dosye pitit yo ak nan nenpòt enfòmasyon ki disponib sou pwogram edikasyon ak opòtinite.

Paran gen dwa pou :

1. jwenn sèvis tradiksyon ak entèpretasyon si paran an bezwen sa oswa mande asistans nan lang pou li kapab kominike avèk efikasite avèk Depatman an, dapre Règleman A-663 Chanselye a.
2. jwenn enfòmasyon konsènan tout politik, plan ak règleman ki mande patisipasyon paran nan lekòl la, distri a ak/oswa nan nivo *borough* a.
3. jwenn aksè nan dènye enfòmasyon konsènan sèvis sistèm lekòl la ofri, kondisyon pou kalifye pou sèvis sa yo, ak fason pou aplike pou yo (sètadi sèvis transpò, sèvis manje, sèvis sante, enstriksyon pou elèv k ap aprann lang angle *English Language Learner* (ELL), kou ratrapaj, sèvis edikasyon espesyal, etc).
4. jwenn enfòmasyon konsènan egzijans pou pitit yo parapò ak pwogram edikasyon yo, prezans yo ak konduit yo.
5. jwenn enfòmasyon alekri konsènan kritè pou bay nòt y ap itilize pou evalye pèfòmans akademik pitit yo.
6. jwenn aksè nan enfòmasyon konsènan pwogram enstwiksyon pitit yo, ladan pwogram etid la oswa plan kourikoulòm lan.
7. jwenn asirans dosye pitit yo ap rete an sekre, dapre Règleman A-820 Chanselye a.
8. enspekte ak revize dosye edikasyon pitit yo nan 45 jou ki vini apre lè yo te fè demand pou sa nan lekòl la.
9. pran yon randevou pou mande moun ki la pou sa nan lekòl la bay yo eksplikasyon sou dosye edikasyon pitit yo epi pou jwenn yon reyinyon nan yon tan rezonab apre yo fin fè yon demand konsa.
10. mande pou yo divilge dosye edikasyon pitit yo ba yon biwo deyò, dapre Règleman A-820 Chanselye a, epitou pou refize bay enfòmasyon kontak yo nan enstitisyon aprantisaj avanse ak rekritè fòs lame.
11. mande pou yo voye dosye edikasyon pitit yo ba yon lòt lekòl kote pitit yo transfere nan yon delè apwopriye.

12. bay konsantman pou divilgasyon enfòmasyon ki kapab idantifye yo pèsònèlman epi ki nan dosye pitit yo, sof nan limit kote Lwa sou Dwa Edikasyon Fanmi ak Konfidansyalite Enfòmasyon *Family Rights ak Privacy Act* (FERPA) ak Règleman A-820 Chanselye a otorize divilgasyon san konsantman. Yon eksepsyon, ki pèmèt divilgasyon san konsantman se divilgasyon enterè edikasyonèl legal bay ofisyèl lekòl. Yon ofisyèl lekòl genyen ladan pami lòt, yon moun lekòl la anplwaye kòm administratè, sipèvizè, pwofesè oswa manm pèsònèl sipò. Yon ofisyèl lekòl genyen yon enterè edikasyonèl legal si ofisyèl la bezwen revize yon dosye edikasyon pou li kapab pran responsablite pwofesyonèl li. Depi demand lan fèt, lekòl la ap divilge dosye edikasyon an san konsantman bay ofisyèl yon lòt distri lekòl kote yon elèv ap chèche oswa gen entansyon enskri.

13. pote plent ba Depatman Edikasyon Etazini si lekòl la pa ta konfòme li avèk egzijans FERPA. Non ak adrès biwo ki administre FERPA yo se:

Family Policy Compliance Office
U.S. Department of Education
400 Maryland Avenue, SW
Washington, DC 20202-5901

DWA POU GEN YON PATISIPASYON AKTIF NAN EDIKASYON PITIT YO

Paran yo gen dwa pou jwenn tout opòtinite ki disponib pou yo patisipe toutbon nan edikasyon pitit yo.

Paran gen dwa pou :

1. santi yo akeyi yo, respekte yo ak sipòte yo nan kominote lekòl yo.
2. tout pèsònèl lekòl la trete yo ak koutwazi ak respè, epitou pou bay yo tout dwa yo san yo pa konsidere ras yo, koulè po yo, kwayans yo, relijyon yo, peyi orijin yo, sèks yo, laj yo, etnisite yo, sitiyaasyon imigrasyon/sitwayènte, kondisyon matrimonyal yo, oryantasyon seksyèl yo, idantite seksyèl yo, andikap yo oswa kondisyon ekonomik yo.
3. patisipe nan kominikasyon regilye alekri oswa vèbal avèk pwofesè yo ak lòt anplwaye lekòl la epi diskite pwoblèm yo genyen osijè pwogrè akademik, sosyal ak konduit pitit yo.
4. vizite lekòl pitit yo pandan semenn reyinyon paran lekòl la.
5. rankontre avèk pwofesè yo ak direktè lekòl la dapre pwosedi ki la

pou sa.

6. patisipe nan konferans pwofesè-paran ki fè sans ak ki pwodiktif pou diskite sou pwogrè pitit yo nan lekòl la epi pou yo genyen aksè pou kominike avèk lòt manm pèsònèl lekòl la pandan tout ane akademik la, jan sa apwopriye, pou diskite sou pwoblèm yo.

7. jwenn enfòmasyon regilyèman sou rapò pwogrè enfòmèl ak pwogrè fòmèl pitit yo alafwa, sou pwogrè akademik ak pwogrè konduit pitit yo.

8. garanti ki nan Règleman A-443 Chanselye a ak Kòd Disiplin lan lè pitit yo dwe jwenn disiplin.

9. pote plent oswa fè apèl dapre Pwosedi Plent Chanselye a, si lekòl pitit yo retire pitit yo nan klas/lekòl la san yo pa swiv pwosedi ki apwopriye pou sa.

10. patisipe ak resevwa asistans (pa egzanp, oryantasyon nouvo manm, devlopman pwofesyonèl san rete) nan patisipe avèk efikasite nan administrasyon ak nan pran desizyon atravè Ekip Lidèchip Lekòl la *School Leadership Team* (SLT) nan lekòl pitit yo.

11. Mennen yon zanmi, yon, konseye oswa yon entèprèt nan odisyon, konferans, antrevi ak lòt reyinyon konsènan pitit yo, dapre pwosedi ki la pou sa san apwobasyon davans manm pèsònèl la oswa administrasyon lekòl la.

12. si yo genyen pwoblèm pou tande, jwenn yon entèprèt pou nenpòt reyinyon oswa aktivite yo patisipe ki espesifik pou aspè akademik oswa disiplinè nan pwogram edikasyon pitit yo, depi genyen yon demand alekri ki fèt anvan reyinyon an oswa aktivite a; si pa gen entèprèt disponib, yo dwe fè lòt aranjman.

13. mande manm pèsònèl lekòl la pou fè tout efò rezonab pou asire paran yo resevwa avi enpòtan nan lekòl la, avèk tou avi sou konferans pwofesè-paran, semèn reyinyon paran nan lekòl la, reyinyon SLT, reyinyon asosyasyon paran, reyinyon CEC, etc.

14. vin yon manm asosyasyon paran oswa asosyasyon pwofesè-paran lekòl pitit yo san yo pa peye kotizasyon pou sa.

15. jwenn yon kopi “Deklarasyon Dwa ak Responsablite Paran,” “Deklarasyon Dwa ak Responsablite Elèv,” Kòd Disiplin lan, ak kopi règleman espesifik lekòl la depi yo enskri pitit yo pou lekòl la epi nenpòt lè apre, depi yo fè demand lan.

16. patisipe nan komite lekòl la (pa egzantp, Sekirite, Nitrasyon, Nivo C-30), dapre gid ki aplike pou komite sa yo.

17. Gen reprezantan nan komite konsiltatif paran Chanselye a ak Depatman Edikasyon kreye (pa egzantp, gwoup travay, travay tanporè pou komite fòs, Komite Paran Tit I OFEA nan vil la).

18. vin kandida pou oswa si paran nan pozisyon prezidan, Sekretè, Trezorye Asosyasyon Paran oswa Asosyasyon Pwofesè-paran lekòl pitit yo, vote pou manm Konsèy Edikasyon kominote a oswa Konsèy Edikasyon vil la, si sa anvigè, dapre lwa ak Règleman D-140, 150 ak 160 Chanselye a.

19. patisipe nan reyinyon Konsèy Edikasyon Kominote ak Vil la ak Komite pou Règleman Edikasyon *Panel for Educational Policy* ki lib pou piblik la, dapre dispozisyon lwa sou Reyinyon Lib (“the Sunshine Law”).

20. patisipe nan reyinyon Konsèy Edikasyon Kominote ak Vil la ak Komite pou Règleman Edikasyon ,dapre pwosedi ki la pou sa.

DWA POU POTE PLENT/ FÈ APÈL KONSÈNAN PWOBLÈM KI AFEKTE EDIKASYON PITIT YO

Chanselye a pibliye Règleman ki kreye pwosedi pou pote plent oswa pou fè apèl pou abòde divès kalite pwoblèm ki afekte edikasyon yon timoun. W ap jwenn pwosedi sa yo nan Règleman Chanselye a epi ou kapab wè yo nan sit wèb <http://schools.nyc.gov/RulesPolicies/ChancellorsRegulations/default.htm>

Paran yo genyen dwa pou:

1. fè apèl kont desizyon transfè pitit yo nan yon lòt lekòl ki baze sou kote y ap viv la dapre Règleman A-101 Chanselye a.
2. pote plent konsènan pinisyon sou kò pitit yo dapre Règleman A-420 Chanselye a.
3. fè apèl kont desizyon direktè lekòl oswa sipèentandan pou sispann yon elèv dapre Règleman A-443 Chanselye a.
4. fè apèl kont transfè envolonètè dapre Règleman A-450 Chanselye a.
5. fè apèl kont desizyon chanje elèv klas yo dapre Règleman A-501 Chanselye a.

6. pote plent ak/oswa fè apèl konsènan yon eleksyon pou yon SLT dapre Règleman A-655 Chanselye a.
7. pote plent ak/oswa fè apèl konsènan eleksyon Asosyasyon Paran ak Konsèy Prezidan, konfli, mezi yo pran oswa mezi yo pa pran dapre Règleman A-660 Chanselye a.
8. fè apèl kont yon refi egzansyon nan vaksinasyon dapre Règleman A-701 Chanselye a.
9. pote plent konsènan rekòmandasyon, evalyasyon, devlopman ak/oswa egzekisyon pou yon Plan Seksyon 504 dapre Règleman A-710 Chanselye a.
10. fè apèl kont plasman yon timoun ki pa gen kote pou rete oswa yon timoun ki nan yon lojman tanporè dapre Règleman A-780 Chanselye a.
11. fè apèl kont desizyon konsènan elijiblite pou transpò dapre Règleman A-801 Chanselye a.
12. fè apèl kont desizyon konsènan elijiblite pou repa gratis ak repa pou pri ki ba dapre Règleman A-810 Chanselye a.
13. fè apèl kont yon bagay yo mete nan dosye yon timoun pou rezon ki pa apwopriye, rezon ki bay manti oswa rezon ki vyole dwa pou konfidansyalite pitit yo epi pou yo mande pou dosye konsa chanje dapre Règleman A-820 Chanselye a.
14. pote plent konsènan diskriminasyon dapre Règleman A-830 Chanselye a.
15. fè apèl kont refi pou jwenn aksè nan dosye piblik ki nan DOE dapre Lwa sou Libète Enfòmasyon annakò avèk Règleman D-110 Chanselye a.
16. pote plent konsènan nominasyon ak seleksyon manm Konsèy Edikasyon Kominotè dapre Règleman D-140 Chanselye a.
17. pote plent konsènan nominasyon ak seleksyon manm Konsèy Vil la pou Edikasyon Espesyal dapre Règleman D-150C Chanselye a.
18. pote plent konsènan nominasyon ak seleksyon manm Konsèy vil la pou Lekòl Segondè Edikasyon Kominotè dapre Règleman D-160 Chanselye a.
19. pote plent dapre Pwosedi Plent DOE sou fason pou suiv pwogram yo administre anba Lwa pou pa kite timoun rete dèyè. Tit I ak II, Pati A ak D, epi

Tit III ak IV, Pati A oswa konsènan yon zafè ki afekte edikasyon pitit yo ki pa kapab regle atravè pwosedi ki nan nenpòt nan Règleman Chanselye a ki anwo a.

TOUT PARAN YO RESPONSAB POU:

1. voye pitit yo lekòl pare pou yo aprann.
2. asire pitit yo ale lekòl regilyèman epi pou yo rive alè.
3. okouran travay pitit yo, pwogrè pitit yo, ak pwoblèm pitit yo depi yo li avi lekòl la, pale avèk pitit yo osijè lekòl la, gade rapò sou travay ak pwogrè pitit yo, epi reyini avèk manm pèsònèl lekòl la.
4. kenbe kontak alekri ak aloral avèk pwofesè pitit yo epi ak direktè a sou pwogrè k ap fèt onivo edikasyon pitit yo.
5. konfòme yo avèk tout règleman lekòl la ak Règleman Chanselye a ki anvigè epi ki konsène edikasyon pitit yo.
6. bay repons nan yon manyè apwopriye pou komunikasyon ki sòti nan lekòl pitit yo.
7. ale nan tout reyinyon ak konferans lekòl la ap fè osijè pitit yo.
8. antre nan bilding lekòl la nan yon manyè ki montre respè, pa montre konpòtman tapajè epitou trete tout manm pèsònèl lekòl la, elèv yo, paran yo ak lòt manm kominote lekòl la avèk koutwazi ak respè.

PARAN TA DWE TOU:

1. ofri pitit yo anviwònman sipò pou aprantisaj lakay yo pou pitit yo ap aprann li enpòtan pou yo fè sa ki pi bon nan lekòl la.
2. Ranfòse lakay yo enpòtans pou vin gen konesans, konpetans, ak valè yo bezwen pou fonksyone toutbon nan sosyete a.
3. bay tan yo, konesans yo oswa resous yo genyen lè li nesesè ak lè li posib.
4. patisipe nan pwogram lekòl la ak kominote a ap òganize pou pèmèt paran yo patisipe nan desizyon y ap pran yo onivo edikasyon.
5. vin manm aktif Asosyasyon Paran oswa Asosyasyon Pwofesè-paran

lekòl la.

6. vin manm aktif komite paran Tit I, lè sa aplikab.

7. poze pitit yo kesyon sou travay yo , prezans yo ak konduit nan lekòl la epi pale avèk yo sou sa yo mande yo nan lekòl la,

8. aprann pitit yo pou yo respekte byen, sekirite, ak dwa lòt yo ak kouman li enpòtan pou yo pa montre konpòtman entimidasyon, asèlman oswa diskriminasyon.